# INTERNET INSAN SANASIN IYELEWI USHIN GURES MAYDANI

***Allambergenov A.J.***
*Muhammed al-Xorazmiy atindagi TITU No'kis filiali, ilimiy izertlewler, innovatsiyalar ha'm pedagog kadrlardi tayarlaw bo'limi basligi, dotsent.*

**Tayanch so'zlar:** internet, inson, jamiyat, shaxs, dunyo qarash, bilim, tafakkur, huquq, madaniyat, g'oya, globallashuv, ilim, texnologiya, fakt, predmet.
**Ключевые слова:** интернет, общество, личность, мировоззрение, знание, мышление, право, культура, идея, экономика, мысль, наука, технология.
**Key words:** internet, spirituality, society, personality, world view, knowledge, thinking, law, culture, idea, economy, thought, science, technology.

**РЕЗЮМЕ:**
Globallashuv jarayonida axborot texnologiyalarining rivojlanishida inson manauiy dunyosining shakllanishi va rivojlanishi ilmiy nazariy talqin etiladi.
**РЕЗЮМЕ:**
В процессе глобализации научно интерпретируется формирование и развитие духовного мира человека в условиях развития информационных технологий.
**SUMMARY:**
In the process of globalization, the formation and development of the human spiritual world in the development of information technologies is scientifically interpreted.

XXI a'sir ju'da ken' ko'lemdegi informatsiya sistemasi ha'm telekommunikatsiya texnologiyalarinin' rawajlaniw da'wiri sipatinda olar turmisimizdin' derlik barliq tarawlarina ha'm insan turmisina kirip bariwi, sonday-aq, informatsiya ma'kaninin' globallasiwi, putkil ja'ha'n rawajlaniwina ta'sir ko'rsetken ha'm ta'sir ko'rsetip atirg'an derek sipatinda xizmet qiladi. Itibarli ta'repi sonda adamlardin' ma'mleket ishindegi ha'm sirt el xabarlarina degen talabi kunnen-kunge artip barmaqta.

Bugin xaliqaraliq munasibetlerde "xabar urisi", "xabar qarama-qarsiligi", "xabar basimi" kibi tusinikler ken' qollanilip atirg'ani xaliqti xabar qawipinen qorg'aw ilajlarin ko'riw ahmiyetliligin ja'ne bir da'liyllemekte. Bul mashqalanin' ahmiyetligi sonda, hazirgi waqitta adamlar sanasi ma'lim da'rejede g'alaba xabar qurallarindagi xabar informatsiya resurslarinin' ta'sirinde bolip

esaplanadi. Sonin' ushin informatsiya sistemasi sharayatinda shaxs, ja'miyet ha'm ma'mlekettin informatsiya ha'm informatsiya qa'wipsizligine baylanisli mashqalalardi sheshiwdin ahmiyeti ele de asadi.

"Bugungi kunde terrorchi sholkemler uchin jana  a`gzalardi Somali yaki Yaman jerlerinen qidiriw birlemchi usil emes. Ayne payitta internet olar uchin jana imkaniyatlar esigi, minlap agzalardi ozine tertiw qurali demakdir", - deydi terrorizm maseleleri boyincha ekspert Arno de Borshgrav.

Britaniyanin Killiama Fondi izleniwshisi Noman Benotmannin bilidiriwinshe, filmdi dunya juzi koreme, joqpa belgili halat "Al-Kaida" sholkemi ugit-nasiyatinin jana usillarina itibar qaratip atirgani, anigiragi, internet ham media tarqatiwga xizmetinin aldingi bagdarlari sipatinda ahmiyet berip atirganin bildiredi . Qanigelerdin aytiwinsha "Al-Kaida" oz ugit-nasiyatinin 99% in internet arqali amelge asirmaqta .

Bunday internet saytlari tosattan payda boladi, waqit otkennen son jogalip ketedi, mazmunin ozgerttirmegen halda, tez-tez jana atamalar ham domenin ozgerttirip turadi. Internet tomendegiler menen terroristlar ushin qolay esaplanadi:

1. Internetke kiriwdin ansatligi.
2. Paydalaniwshilar saninin kopligi.
3. Baylanistin anonimligi.
4. Sirttan basqariw ham tosiqtin sheklengenligi.
5. Informatsiyalar qisqa muddette ken makanda tez tarqaliwi.
6. Tekst, korinis ham dawis uyg`inligindagi xabardi jaylastiriw kibi qolayliqlar terrorshilardi ozine qaratpay qoymaydi .

Gabriel Veymann (Gabriel Weinmann) terrorshilardin internetden tomendegi keltirilgen 6 maqsette paydalaniwin daliylleydi:

1. Psixologiyaliq gures.
2. Ugit-nasiyat.
3. Kayir-saqawatliq jiynaw.
4. Jana agzalardi tartiw.
5. Ozara baylanisti tamiynlew.
6. Oqiw-tajiriybesin arttiriw.

Demek bul informatsiyalasıw maydanı ja`miyetttegi ekonomikalıq ha`m de ja`miyetlik-ma`deniy o`zgerislerge tikkeley ta`sir ko`rsetedi. Batıs sotsiologlarının` pikirlerine qarag`anda, informatsiyalasqan ja`miyet texnika tarawında-islep shıg`arıw, ekonomika, ta`lim ha`m sotsiallıq o`mirge informatsiya texnologiyalarının` ken`nen en jayıwı; ekonomikalıq turmısta-informatsiyanın` tovarg`a aylanıwı; ja`miyetlik turmısta-informatsiya turmıs,

o`mir da`rejesi o`zgeriwinin tiykarg`ı usılına aylanıwı; siyasiy tarawda-ken` ko`lemde pikir almasıwına sharayat jaratıwshı ha`r tu`rli informatsiyalardı erkin tu`rde alıwına jol ashıp beriliwi; ma`deniyat tarawında-informatsiya almasıwı da`wir za`ru`rliklerine juwap beretug`ın normalar ha`m qa`diriyatlardın` qa`liplesiwi menen sıpatlanadı.

Informatsiya (latınsha «informatio-tu`sindiriw, bayan etiw ma`nisinen kelip shıqqan) zamanago`y ilim ha`m siyasattın` tiykarg`ı tu`siniklerinen biri: da`slep adamlar ta`repinen awızeki, keyinirek jazba yamasa basqasha tu`rlerinde jetkizilgen mag`lıwmat.

Informatsiya-shaxs, fakt, predmet, waqıya-ha`diyse ha`m protsessler haqqındag`ı mag`lıwmatlar. Xızmetleri boyınsha informatsiya-bul ja`miyetlik za`ru`rlik. Ol adamıylıq qızıg`ıwshılıqtı ku`sheytedi. Insandı ja`miyetlik turmısqa tartadı, ko`z-qarasların jetilistiredi, ken`eytedi ha`m rawajlandıradı, onın` ja`miyette o`z-ornın tabıwına ja`rdem etedi.

Informatsiya-ja`miyetlik-sotsiallıq qubılıs. Ol jeke adamlarg`a, toparlarg`a, ja`miyetlik sho`lkemlerge xızmet etedi. Bu`gingi ku`nde siyasiy qubılıs tu`sine de enbekte.

Bizge belgili bolg`anınday-aq, informatsiya ha`r tu`rli ha`m ha`r qıylı ko`riniste bolıwı mu`mkin: mısalı, tarqatılg`ın mag`lıwmatlar, komp’yuterde saqlang`an xabarlar, “boyawlar”, «ko`shirmeler», xat yaki estelik jazıwları, arxivler, formulalar, sxemalar, diagrammalar, tu`p nusqalar, dissertatsiyalar, sud isleri ha`m t. b.

Basqa o`nimlerge usap informatsiya da o`z paydalanıwshılarına, qarıydarlarına iye. Sonın` ushın da ha`r bir informatsiyanın` belgili «klientler»i boladı. Informatsiya, onı islep shıg`ıwshılar, yag`ınıy onı tarqatıwshılar ha`m qabıl qılıwshılar talaplarına juwap beretug`ınday qa`siyetlerge iye bolıwı kerek. Klientler ko`z-qarasına bola, paydalanıp atırg`an informatsiyanın` ko`lemi ha`m sıpatı qosımsha materiallıq ha`m moral’lıq na`tiyje beriwi kerek. Tarqatıwshılar, yag`ınıy informatsiya uzatıwshılar pikirine bola, za`ru`r biznes sırının` saqlanıwı, islep shıg`arıw bazarında tovarlardı satıw ha`m xızmet ko`rsetiwde, tabıslı tu`rde konkurentsiyalasıwg`a imkaniyat beriwi kerek - dep esaplaydı. Bul ta`biyiy halat, sır saqlanıwı kerek bolg`an informatsiyanı qorg`awg`a ta`sir ko`rsetiwdi talap etedi.

Jahan ta`jiriybesinen belgili bolg`anınday-aq, ma`mleket informatsiya infrastrukturasının` rawajlanıwı ja`miyet ha`m ma`mlekettin` barlıq tarawların, sonın` ishinde, adamlardın` ko`z-qarasların ha`m olardın` miynet etiw, ja`miyetlik-sotsiallıq ha`m siyasiy turmısqa qatnas jag`dayların o`zgertip, ja`miyetlik rawajlanıwdı jedellestiredi. Bu`gingi ku`nde ha`r qıylı informatsiya

texnologiyaları, avtomatlastırılg`an sistemalar ha`m mag`lıwmatlar bazası, ma`mleketlik strukturalardın`, ekonomikanın` ha`m ma`mleketlik basqarıwdın` ajıralmas bo`legi bolıp qaldı.

Bu`gingi ku`nde xalıq-aralıq maydanda ekonomika ha`m informatsiya potentsialının` ornı ha`m og`an bolg`an talap artıp barmaqta.

Puqaralıq huqıq nızamshılıg`ımızda basqa da ob'ektler sıyaqlı informatsiya tu`sinigi de qabıl qılındı. Informatsiya o`z bazarına iye.

Bazarg`a iye bolg`an tovar materiallıq baylıqlarg`a ha`m bahasına iye jan`a ko`rinistegi ob'ekt esaplanadı. Insan onı ko`z benen ko`rip, qolı menen uslamasa da o`zinin` belgili bir bahasına iye. Usı bazarlarda o`zinin` ha`reketlendiriwshi ku`shine, a`sirese, shet ma`mleketlerge almastırılıwı menen bu`gingi ku`nde u`lken bahasına iye bolıp barmaqta. Qalaberse en` jaqsı da`ramat deregi bolıp xızmet qılıp kelmekte.

"Informatsiya alıw erkinligi ha`m kepillikleri haqqında" g`ı O`zbekstan Respublikası Nızamında informatsiyanın` o`zi ne, onın` huqıqıy iyesi, mu`lkdarı kim, olar ortasındag`ı qatnasıqlar qanday ta`rtipke salınadı, ulıwma alg`anda informatsiya menen bolg`an qatnasıqlar ha`m baylanıslar qanday da`rejede ornatıladı degen ma`selelerge ken` tu`rde aydınlıq kirgizilgen. Onda belgilep o`tilgen tiykarg`ı tu`siniklerge to`mendegishe ta`riyipler beriledi:

Informatsiya - derekleri ha`m tarqatılıw ko`rinisine, ko`lemine qaramastan, shaxslar, predmetler, faktler, waqıyalar, ha`diyseler ha`m protsessler haqqındag`ı mag`lıwmatlar;

Informatsiya iyesi yamasa informatsiya mulkdarı - o`z qarjısına yaki basqa nızam jolı menen alıng`an informatsiyasına iyelik etiwttti, onnan paydalanıwshı ha`m onı ko`z aldına keltiriwshi yuridikalıq yaki fizikalıq ta`rep;

Informatsiyanı qorg`aw - informatsiya tarawındag`ı qa`wipsizlikke qa`wiplerdin` aldın alıw sharaların ko`riw;

Informatsiya resursları - arnawlı hu`jjetler, hu`jjetlerdin` arnawlı toplamları, informatsiya sistemalarındag`ı (kitapxanalardag`ı, arxivlerdegi, fondlardag`ı, mag`lıwmatlar banklerindegi ha`m basqa informatsiya sistemalarındag`ı) hu`jjetler ha`m hu`jjetlerdin` jıynaqları;

Informatsiya tarawı - sub'ektlerdin` informatsiyanı payda etiw, qayta islew ha`m onnan paydalanıw menen baylanıslı xızmet tarawı;

G`alaba informatsiya- sheklenbegen ko`lemde shaxslar ushın mo`lsherlengen hu`jjetlestirilgen informatsiya, baspaso`z, audio, audiovizual ha`mde basqa da xabarlar ja`ne materiallar;

Biraq dunya bazarinda informatsyailardin en qimbatli tovarga aylaniuinda jahan ham "ormekshi tori" - internet ulken rol oynaydi. Sonin ushin da internet

jer shari boylap juda tez pat penen tarqalip atirganin aytip otiu lazim. Internetntin galabalasiwinan sebebi onin imkaniyatlarinin kenliginde bolip esaplanadi. Asirese, internetke kiriwdin ansatligi ham qisqa waqit ishinde qalegen jerge xabar jiberiw mumkinliginin galabalasiwina ayriqsha turtki boldi.

Maselen, Internet arqali juda kop unamli magliwmatlar menen birge, Shigis madeniyatina tan, adamlardin minez-qulqina unamsiz tasir etiwshi informatsiyalar tarqalip atirgani, tabiiy, jamiyetshilik  asirese jaslarimiz sanasina tarbiyasina unamsiz tasir etiwi mumkin. Bunin ushin informatsiyadan paydalaniw madeniyatin qaliplestiriw arqali gana bunday illetlerdin aldin aliw mumkin. Sonday-aq, «biz kopshilik waqitta Batis madeniyati toqtawsiz kirip kelip atirganinin guwasi bolamiz. Bul sonday kushli agim, ogan qarsi shigiw juda qiyin. Bunin tek gana bir joli gana bar. Ol da bolsa internetke ozimizge say bolgan magliwmatlardi oz waqtinda kiritip bariw bolip esaplanadi.

Hazirgi kunde ideyaliq topilislar, manawiyatimizga qarsi kushler xalqimizga, asirese jaslarimizga qaratilgan informatsiya qawiplerin tuwdiriwga, “galaba madeniyat” niqabinda puxta niqaplangan qawip ham tasirlerge qatti urinbaqta.

“...Informatsiya asiri” dep at algan XXI asirde hesh qaysi mamleket yaki jamiyet ozin diywal menen orap alip jasay almaydi. Ayne payitda, awhal sonday eken, dep qol qawistirip otriwgada tuwri kelmeydi, bunday qawiplerge juwap, biz de, sada bolmasdan, zarur is-ilajlardi koriwimiz kerek” .

Internettin ta`sir kushi beriletugin xabardin operativliginde, koterilgen maselelerdin ahmiyetliliginde hamde analizlik darejesi ham maselenin sapali sheshimleri ushin usinis etiwgede kop darejede baylanisli.

Aziya mamleketlerinde de internetten paydalaniwshilardin sani osip barmaqta. Al sotsialliq tarmaqlar bolsa internet aleminin ajiralmas bolegine aylangan ulken sebepshisi bolip esaplanadi. Buni "The Royal Pingdom" global analitikaliq ilimiy izertlew kompaniyasi magliwmatlarida tastiyiqlaydi. Ogan qaraganda 2,5 milliard adamdi quraytugin dunya internet paydalaniwshilarinan 1,1 milliard adam bir waqittin ozinde sotsialliq tarmaqlar paydalaniwshisi bolip tabiladi. Solay eken, sotsialliq tarmaqlardin turli GXQ qatarinda jamiyet ham insan psixologiyasina tasirin uyrinw bugingi kun ilimdegi basli mashqalalardin biri bolip esaplanadi.

En daslep, "sotsialliq tarmaq" degenimiz ne ekenligine aydinliq kiritip aliwimiz tiyis. Araliqtan internet arqali adamlar arasindagi "online" tanishwu hamdu oz-ara munasibetti tamiynlewshi sonday-aq oz agzalarinin har qiyli jeke magliwmatlarin ozinde jamlegen internet tarmoqlarindagi (saytlarina) sotsialliq tarmaqlar dep ataladi. Misal uchin, hazirgi waqitta dunya juzine ham barliq aymaqlarga ken tarqalgan "Facebook", "Odnoklassiniki", "Mail" kibi

tarmaqlardi aytiw mumkin . Bulardin sanida sonday-aq olardan turaqli turde paydalaniwshilardin qatarida kunnen-kunge qosilip ham kobeyip barmaqta. Demek bul jamiyettin informatsiyalasiwinan derek beredi.

Ha`zirgi waqıtta informatsiyalasqan ja`miyet:

- u`yde islewdin` ken`eyiwine, transport ha`reketinin` kemeyiwine ha`m bunın` aqıbetinde ta`biyatqa tu`setug`ın «ju`k» tin` keskin qısqarıwına alıp keledi;
- jumıs ku`ninin` qısqarıwı adamlardın` ko`birek u`yde bolıwına ha`m xojalıq jag`daylarının` jaqsılanıwına alıp keliwi;
- keyingi ju`z jıllıqlarda qala adamlardın` jasaw ha`m jumıs islewi ushın en` qolaylı ma`kan degen juwmaqqa kelinbekte. Informatsiyalasıw protsessi bolsa, awıldan turıp-aq pu`tkil du`n'ya menen baylanısta bolıw, en` abıroylı sho`lkemlerde islew, qala turg`ınları erisip atırg`an ma`deniy jetiskenliklerge erisiwine yamasa iye bolıwlarına imkaniyatlar jaratpaqta. Bul bolsa, o`z na`wbetinde tınısh ha`m abadan bolg`an ta`biyatqa jaqın bolg`an awıllarg`a qaytıw yamasa sol jerde pu`tkinley qalıw ushın sharayat jaratadı;
- aralıq ta`lim-bilim alıwdın` en` qolay usılına aylanıwında, xalıqtın` ken` qatlamları ushın ha`tte, en` elitar joqarı oqıw orınları esiklerinnin` ashılıwına mu`mkinshilik jaratadı. A`piwayı etip tu`sindiretug`ın bolsaq, mag`lıwmatlılıq ko`p da`rejede insannın` sabır - taqatına, qa`lew-imkaniyatlarına baylanıslı bolıp qaladı.

Ha`zirgi waqıtta informatsiyalasıw protsessi bir qatar mashqalalardı da keltirip shıg`aradı. «Ashıq erotika»dan tartıp "Ashıq pornografiya"g`a shekem bolg`an ha`diyseler menen baylanıslı ma`seleler mine, usılar qatarına kiredi. Bunday jag`daylardın` tolıq tu`rde aldın alıp bolmaydı. Ha`tte, informatsiya tarmaqlarının` u`ziliksiz islewi, onın` a`hmiyetli sıpatlı belgisi bolıp esaplanadı ha`m bul protsess barlıq waqıtta jetilisiw, rawajlanıw da`rejesin bastan keshirmekte. Demek, joqarıdag`ı kibi «mashqalalar» jolına qa`nshelli tosıq qoyılmasın, ba`rha`ma olardı «aylanıp» o`tiw imkaniyatı boladı.

Lekin, insanlar (asirese jaslar) keyingi payitlarda sotsialliq tarmaqlardi tek gana baylanis ham qarim-qatnas qurali gana emesi, balkim oni "xobbi" darejesinede kotermekte. Bizge ma`lum, koplegen sayt ham tarmaqlar ulken qarjilar esabinan filtrlenip qoyilgan ham bul halatti koplep mamleketlerde baqlaw mumkin. Albetde uyreniwler yaki filtr qurallari arqali adamlardi internet alemindegi turli kuchlerdin qorqinishli har qiyli topilislarinan, kereksiz ham unamsiz informatsiyalardan saqlaw qiyin ham tek gana waqtinshaliq halat boliwi mumkin.

Juwmaqlap aytqanda, internet sistemasi arqali turli magliwmatlar bazalarina - kitapxanalar, muzeyler ham basqa da jalganiw mumkin. Elektron sabaqliqlar, sozlikler ham har qiyli oqiwliq materiallari duziledi, araliqtan turip bilim aliw ham de bilimlerdi tekseriwdi komp`yuterlestiriw imkaniyati payda boldi.

**A`debiyatlar:**

1. Mirziyov Sh.M. Erkin va farovan, demokratik O`zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. T.: “O’zbekiston”, 2016.

9. Karimov İ.A. “Joqarı ma`nawiyat-jen`ilmes ku`sh”. T.: Ma`naviyat. 2008.

12.Panarin İ.N. İnformatsionnaya voyna i diplomatiya.-M.:OAO “İzdatel`skiy dom “Gorodets”, 2004.

13. Proxorov E.P. Vvedenie v teoriyu jurnalistiki. Moskva: MGU. 2005.

16. Abdullaeva M. N. Milliy g`oyaning ilmiy¬–falsafiy asoslari. T., 2011.

17. F.Muminov., Sh.Barotov va boshq. Ochiq axborot tizimlarida axborot-psixologik xavfsizlik. Darslik.-T: JİDX. 2013, 11-b.

21. Juraev Sh. Buzg`unchi da`vatchilar. – T.: “Toshkent islom universiteti” nashriyot-matbaa birlashmasi, 2010. – 40 b.

22. Ochildiev A. Globalllashuv va mafkuraviy jarayonlar. – T.: Muharrir nashriyoti, 2009. – 96 b.